


# MÁMLEKETLIK BASQARIW UYIMLARINDA MÁLIMLEME XIZMETI HÁM JÁMIYETSHILIK PENEN BAYLANISLAR BÓLIMINIŃ ROLI

**Seitnazarova Guljahan Suxanatdinovna**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti oqıtıwshısı.
**Baxitova Jasmina Armanovna**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.15449719

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 10- May 2025 yil
Ma’qullandi: 15-May 2025 yil
Nashr qilindi: 17-May 2025 yil

**KEY WORDS**

*mámleketlik basqarıw, málimleme xızmeti, jámiyetshilik penen baylanıslar, mámleketlik siyasat, ashıq-aydınlıq, esap beriw, málimleme-kommunikaciya texnologiyaları, sociallıq tarmaqlar.*

**ABSTRACT**

*Bul ilimiy maqala mámleketlik basqarıw uyımlarında málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar bólimleriniń ornı, roli hám funkciyaların akademiyalıq kózqarastan talqılaydı. Maqalada usı bólimlerdiń mámleketlik basqarıwdıń nátiyjeliligi, ashıq-aydınlıǵı hám esap beriwin támiyinlewdegi áhmieti, sonday-aq, zamanagóy málimleme-kommunikaciya texnologiyaları hám sociallıq media qurallarınıń olardıń jumısına tásiri kórip shıǵıladı. Maqalada mámleketlik basqarıwda jámiyetshilik penen baylanıslardıń teoriyalıq tiykarları, rawajlanıw tendenciyaları hám perspektivaların úyreniwge qaratılǵan.*

Búgingi globallasıw hám málimlemelesiw dáwirinde mámleketlik basqarıw uyımları jumısınıń nátiyjeliligi hám legitimligi jámiyetshilik penen óz-ara qatnasıqlardıń sapasına tikkeley baylanıslı. Málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar bólimleri mámleketlik uyımlar hám puqaralar arasında kópir wazıypasın atqarıp, mámleketlik siyasattı úgit-násiyatlaw, jámiyetshilik pikirin úyreniw, unamsız málimleme aǵımınıń aldın alıw hám mámleketlik uyımnıń unamlı imidjin qáliplestiriwde áhmietli rol atqaradı. Bul maqala mámleketlik basqarıw sistemasında málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar bólimleriniń teoriyalıq hám ámeliy táreplerin tereń tallawǵa baǵıshlanǵan.

**Ádebiyatlar analizi:**

Mámleket basqarıwında jámiyet penen baylanıslar koncepciyası XX ásirdin baslarında Batıs mámleketlerinde siyasiy marketing hám propaganda tarawlarınıń rawajlanıwı menen qáliplese basladı (Cutlip, Center & Broom, 2006). Keyin ala, bul túsinik mámleket basqarıwınıń ajıralmas bólegine aylanıp, mámleket siyasatın jámiyetshilikke jetkeriw, olardıń pikirin esapqa alıw hám óz ara isenimdi bekkemlew sıyaqlı wazıypalardı óz ishine aldı (Grunig & Hunt, 1984). Zamanagóy izertlewlerde IKT hám sociallıq medianıń jámiyetlik penen baylanıslar jumısına tásiri, elektron húkimet platformalarında jámiyetshilik penen óz ara baylanıslardıń jańa formaları úyrenilmekte (Bertot, Jaeger & Grimes, 2010). Ózbekstanda da mámleketlik basqarıwda málimleme xızmeti hám jámiyetshilk penen baylanıslar tarawınıń roli barǵan sayın artıp barmaqta hám bul tarawda bir qatar ilimiy jumıslar alıp barılmaqta (Eshbek, 2012. Alimov, 2020).

**Izertlew metodologiyası:**

Bul izertlewde sapa hám muǵdarlıq izertlew usıllarınıń kombinaciyasınan paydalanıladı.

Teoriyalıq tallaw ushın ilimiy ádebiyatlar, normativlik-huqıqıy hújjetler hám ekspertlerdiń pikirleri úyreniledi. Empirikalıq maǵlıwmatlar mámleketlik basqarıw uyımlarınıń málimleme xızmeti hám jámiyetlik penen baylanıslar bólimleri xızmetkerleri menen ótkerilgen tereń intervyuler, sorawnamalar hám mámleketlik uyımlardıń rásmiy veb-saytları jáne sociallıq media platformalarındaǵı kontent-analiz arqalı toplanadı.

**Nátiyjeler hám talqılaw:**

Izertlew nátiyjeleri mámleketlik basqarıw uyımlarında málimleme xızmeti hám jámiyetlik penen baylanıslar bólimleriniń tómendegi tiykarǵı rollerin anıqladı

Informaciyanı tarqatıw hám jámiyetshilikti xabardar etiw: Mámleket siyasatı, qabıl etilgen nızamlar hám qararlar, ámelge asırılıp atırǵan reformalar haqqında jámiyetshilikti qalıs hám óz waqtında xabardar etiw.

Jámiyetlik pikirdi úyreniw hám talqılaw: Jámiettiń mámleketlik siyasatqa múnásibetin, áhmietli mashqalalar boyınsha pikirlerin turaqlı túrde úyreniw hám talqılaw, mámleketlik uyımlarǵa tiyisli usınıslar kirgiziw.

Mámleket hám jámiyetshilik arasında baylanıstı ornatıw: Mámleketlik uyımlar hám puqaralar arasında eki tárepleme baylanıstı támiyinlew, jámiyetshiliktiń sorawlarına juwap beriw hám múrájatların kórip shıǵıw.

Mámleketlik uyımnıń unamlı imidjin qáliplestiriw: Mámleketlik uyımnıń jumısı, erisken jetiskenlikleri hám perspektivalı rejelerin jámiyetshilikke jetkeriw arqalı onıń abırayın arttırıw.

Krizisli jaǵdaylarda kommunikaciyanı basqarıw: Ayrıqsha jaǵdaylar, unamsız xabar tarqalıwı sıyaqlı krizisli jaǵdaylarda jámiyetshilik penen nátiyjeli baylanıs ornatıw hám jaǵdaydı qadaǵalaw.

Aydınlıq hám esap beriwdi támiyinlewge járdemlesiw: Mámleketlik uyımlar jumısınıń ashıq-aydınlıǵın támiyinlew, jámiyetshilikke esap beriw hám olardıń qadaǵalawın kúsheytiw

Izertlew sonı kórsetedi, mass-media hám sociallıq media quralları málimleme xızmeti hám jámiyetlik penen baylanıslar bólimleriniń jumısın sezilerli dárejede transformaciyalamaqta. Onlayn platformalar arqalı málimlemeni jedel tarqatıw, jámiyetshilik penen interaktiv sóylesiw hám pikir-usınıslardı jıynaw imkaniyatları keńeymekte. Biraq, bul process mámleketlik uyımlar aldında jańa mashqalalardı da keltirip shıǵarmaqta, sonıń ishinde, jalǵan málimlemege qarsı gúresiw, maǵlıwmatlardıń qáwipsizligin támiyinlew hám sociallıq media platformalarında nátiyjeli kommunikaciya strategiyaların islep shıǵıw zárúrligi.

**Juwmaq hám usınıslar:**

Juwmaqlap aytqanda, mámleketlik basqarıw uyımlarında málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar bólimleri mámlekettiń nátiyjeli jumısı, ashıq-aydınlıǵı hám jámiyetshilik penen óz-ara isenimdi bekkemlewde úlken strategiyalıq áhmietke ie. Bul bólimlerdiń rolin jáne de kúsheytiw hám jumısın jetilistiriw ushın tómendegi usınıslardı alǵa qoyıw múmkin:

Málimleme xızmeti hám jámiyetlik penen baylanıslar bólimleri xızmetkerleriniń mamanlıǵın arttırıw, zamanagóy kommunikaciya texnologiyaları hám usılların ózlestiriwge járdemlesiw.

Mámleketlik uyımlardıń veb-saytları hám sociallıq media platformalarınıń interaktivligin arttırıw, jámiyetshilik penen óz-ara baylanısıw ushın qolaylı mexanizmlerdi

jaratıw.

Mámleketlik siyasattı jámiyetshilikke jetkeriwde innovaciyalıq usıllardan paydalanıw, vizual kontent hám multimedia materialların islep shıǵıw.

Jámiyetlik pikirdi turaqlı túrde úyreniw hám tallaw ushın nátiyjeli sistemalardı engiziw, alınǵan maǵlıwmatlardı mámleketlik siyasattı islep shıǵıw hám ámelge asırıwda inabatqa alıw.

Krizisli jaǵdaylarda kommunikaciyanı basqarıw boyınsha anıq strategiyalar hám protokollardı islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw.

Málimleme xızmeti hám jámiyetlik penen baylanıslar jumısınıń nátiyjeliligin bahalaw ushın anıq normalar hám indikatorlardı islep shıǵıw hám turaqlı monitoring alıp barıw. Bul usınıslardıń ámelge asırılıwı mámleketlik basqarıw uyımlarınıń jámiyetshilik penen baylanısların sapa jaǵınan jańa basqıshqa alıp shıǵıwǵa hám mámlekettiń abırayın arttırıwǵa xızmet etedi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Bertot, J. C., Jaeger, P. T., & Grimes, J. M. (2010). Using ICTs to create a culture of e-government: Examining the roles of leadership and multi-organizational partnerships. Government Information Quarterly, 27(4), 391-399.

2. Cutlip, S. M., Center, A. H., & Broom, G. M. (2006). Effective public relations. Pearson Education.

3. Grunig, J. E., & Hunt, T. T. (1984). Managing public relations. Holt, Rinehart and Winston.

4. Eshbekov T. Jamoatchilik bilan aloqalar va axborot xizmatlari. Oquv qóllanma. – T.: OzMU, 2012.

5. Alimov B. Zamonaviy media muhitda PR – xizmatlar. VIII tom. – T: O'zbekiston, 2020.

6. Baxitova , J. . (2024). PR ISKERLIGI TARIYXI, TEORIYALIQ TIYKARLARI @@0 Classification Eurasian Journal of Social Sciences, Philosophy and Culture, (5 Part 2), 25-28. extracted from https://in-academy.uz/index.php/ejsspc/article/view/32803

7. Esengeldieva , A. ., & Seitnazarova , G. . (2024). SAYLOVOLDI TASHVIQOTINI AMALGA OSHIRISH BO‘YICHA MILLIY VA ILG’OR XORIJIY TAJRIBA. Журнал академических исследований нового Узбекистана, 1(7), 30–32. извлечено от https://inacademy.uz/index.php/yoitj/article/view/33179